



Pou Piblikasyon Imedya: 7/11/2022

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE METWO VIL NEW YORK LA BAT REKÒ POU
TRANSPÒ PASAJE NAN WIKENN MARATON AN**

***2.11 milyon pasaje nan maraton dimanch lan; 2.45 milyon pasaje nan samdi, te
bat rekò samdi a pandan twa semèn konsekitif***

***Transpò adapte a transpòte 100 pousan pasaje anvan pandemi nan samdi, avèk
plis pase 16,000 trajè ki pwograme***

Gade [foto](#) sèvis metwo dimanch maraton an

Gade [videyo](#) konferans laprès jodi a

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a ke metwo Vil New York Otorite Transpò Metwopoliten (Metropolitan Transportation Authority, MTA) an te atenn 2.11 milyon pasaje yè, sa ki depase rekò transpò pasaje nan epòk pandemi an dimanch 26 jen 2022, 2.01 milyon, ak 84 pousan nan baz referans anvan pandemi an pou dezyèm dimanch konparab novanm an 2019. Transpò pasaje te 12 pousan plis pase transpò pasaje 1.89 milyon nan metwo pandan dimanch maraton ane pase a, ak 13 pousan plis pase transpò pasaje 1.88 milyon nan dimanch anvan an.

"Avèk rekò transpò pasaje wikenn lan nan chak nan twa semèn pase yo, rekipasyon transpò piblik nou pa rapò ak jou ki te pi nwa yo nan pandemi an rete sou bon wout", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Moun k ap fè trajè, elèv, touris ak kourè maraton yo, yo tout konnen pi bon fason pou deplase nan Vil New York se atravè sistèm transpò klas mondyal nou an. Pasaje yo kontinye tounen nan metwo a, epi n ap investi nan lapolis, kamera, ak swen pou asire pasaje nou yo genyen pi bon eksperyans posib nan sistèm lan".

Dimanch rekò a, nan jou 51yèm kous maraton Vil New York la, te gen yon lòt rekò apre pandemi nan samdi ki te vini anvan li. Lavèy maraton Vil New York la, 2.45 milyon moun te vwayaje nan metwo a, sa ki depase dènye rekò 2.44 milyon nan samdi a. Anplis twazyèm jou rekò konsekitif nan metwo yo samdi, transpò adapte a te bat yon rekò tou. Nan samdi, transpò adapte a te pote 100 pousan nan baz referans li anvan pandemi an avèk 16,800 trajè pwograme.

Rekò yo fèt nan jou responsab MTA yo te anonse plan pou redui chanjman nan sèvis ki gen rapò ak antretyen nan sistèm metwo a pou asire Nouyòkè yo ka deplase nan vil la avèk mwens deranjman nan dimanch maraton an.

Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral MTA, Janno Lieber, te deklare, "Vil ak rejyon an bati sou siksè transpò piblik. Ou toujou tandè mwen di se tankou lè ak dlo pou Nouyòkè yo, men se vre. Mwen pa te janm doute ke ekip transpò Vil New York la t ap ka reyalize sa. Gwo wikenn tankou sa se sa ki esans New York. Retou Vil New York byen vivan. Nenpòt moun ki te deyò nan lari oswa nan metwo yè te ka santi enèji ak lajwa a".

Prezidan Transpò Komen Vil New York la, Richard Davey, te deklare, "Pi bon fason pou vwayaje nan Vil New York nan dimanch maraton an se atravè metwo a, epi Transpò Vil New York la te planifye davans pou minimize chanjman nan sèvis ki te pwograme yo akòz travay sou pis la pou yon dimanch okipe yo te prevwa pou sistèm transpò komen an, epi rezilta transpò sa yo montre desizyon an te vo lapèn. Rediksyon nan chanjman pou sèvis ki te pwograme yo te ede ankouraje transpò pasaje, epi li vle di tou ke sila yo ki te deplase atravè sistèm lan te gen yon vwayaj ki pi rapid ak pi fyab".

Otorite (Czar) Metwo Wikenn Transpò Komen MTA Vil New York la, Jose LaSalle, te deklare, "Ekip nou yo te espesyalman atantif pou asire sèl reta yè yo te yon bagay brèf epi pou pa te gen okenn obstak nan kapasite moun yo pou ale nan liy depa a oswa pou fè zigzag atravè vil la pou yo ka gade zanmi ak fanmi yo k ap kouri nan maraton an. Malgre kourè yo te fè fas ak chalè ki te yon ti jan wo ak imidite nan kòmansman novanm lan, bagay yo te byen pase anba tè a amezi nou te konsantre sou moun yo k ap deplase nan vil la san danje ak yon fason efikas epi te mete anfas sou koneksyon ant tren yo apre kous la".

Direktè Egzekitif Jeneral New York Road Runners la, Kerin Hempel, te deklare, "Avèk 50,000 kourè ak plizyè milyon espektatè ki te nan pakou a, TCS New York City Marathon lan depann de MTA pou ede asire tout moun gen yon bèl eksperyans. New York Road Runners apresye patenarya MTA pou asire jou kous la pase byen nan mezi posib pou kourè yo ak espektatè yo ka deplase nan vil la epi pote enèji yo nan evènman klas mondyal sa a".

###